



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 5/2/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI TWA PWOGRAM ANPLIS KI VIZE POU EDE JÈN YO KI GENYEN ESKIZOFRENI

Nouvo sit yo ap ouvè nan Manhattan, Rochester ak Albany; Pwogram OnTrackNY ap ouvè 8 lòt sit nan fen 2016

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ekspansyon pwogram eta kap ede jèn adilt yo avèk sentòm sikotik ki fenk ap parèt. Dirije pa Biwo Sante Mantal eta, pwogram OnTrackNY bay jèn adilt yo tretman sikyatrik inovè ki baze sou ekip, travay ak sèvis edikasyon, ansanm avèk edikasyon familyal ak sipò nan lokasyon toupatou nan Eta New York. Twa lokasyon kounye a ouvè nan Manhattan, Rochester ak Albany, ak uit lòt sit te prevwa pou ouvè nan eta nan fen ane 2016.

“Entèvansyon bonè se youn nan pi bon fason pou ede asire moun yo ki gen maladi mantal gen aksè a resous ak tretman yo bezwen,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Pwogram sa bay yon sèvis enpòtan pou jèn adilt yo lè yo te premye eksperimente sentòm eskizofreni – asire ke yo gen sipò ke yo bezwen apati premye jou a.”

Avèk ouvèti twa nouvo pwogram OnTrackNY nan Manhattan, Rochester ak Albany, 12 sit OnTrackNY kounye operasyonèl. Nan fen ane 2016, uit sit pwogram adisyonèl ap ouvè toupatou nan Eta New York. Nouvo sit yo ap lokalize nan Binghamton, Bronx (de lokasyon), Brooklyn, Garden City, Middletown, Queens, ak Staten Island. Nan enplemantasyon konplè l, yo estime ke 20 sit nan pwogram OnTrackNY ap sèvi 760 jèn nan Eta New York a nenpòt kilè.

“Biwo Sante Mantal Eta New York kontinye ap idantifye opòtinite pou elaji pwogram konpreyansif sa pou plis jèn New York ki gen bezwen,” **te deklare Komisyonè Biwo Sante Mantal Eta New York Dr. Ann Marie T. Sullivan**. “Nou vle asire ke moun sa yo gen opòtinite pou reyalize objektif pèsònèl yo, espesyalman nan travay ak lekòl, ak aksè fasil nan sèvis sante mantal ki baze sou kominote se yon pati enpòtan nan ekwasyon sa a.”

Yo estime ke preske 3,000 rezidan New York devlope eskizofreni chak ane, si li pa trete sa ap kondwi a yon kantite pwoblèm enpòtan, enkli pwoblèm nan lekòl ak travay, relasyon fanmi fòse, ak elwayman zanmi. Eskizofreni ki pa trete ka kondwi a pwoblèm tankou sanzabri, anprizonman ak abi sibstans, pwobabilite ki genyen pou pwolonje si sikoz la pa trete. Anpil fwa, eskizofreni ki pa trete kondwi a andikap ki egzije depans imen difisil sou moun yo ansanm avèk fanmi yo, ansanm avèk depans finansye

enpòtan, ak sistèm sèvis sosyal swen sante.

Kòmanse nan 2013, pwogram OnTrackNY te bay yon apwochè ekip ki baze sou evidans, inovasyon pou bay tretman rekiperyasyon oryante a jèn moun yo ki pa twò lontan de sa te kòmanse eksperimente sentòm sikotik. OnTrackNY ede jèn adilt yo ki fenk devlope twoub sikotik pou reyalize objektif yo pou lekòl, travay, ak relasyon sosyal. Pwogram sa a swiv prensip swen ki enkli pran desizyon pataje, anviwonman senpatik ak akeyan pou jèn yo, ansanm avèk koneksyon ak sèvis sante mantal fleksib ak aksesib.

Biwo Sante Mantal Eta New York ak Abi Sibstans Etazini ansanm avèk Administrasyon Sèvis Sante Mantal finanse OnTrackNY.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram nan, ale nan sit wèb sa yo:

<http://ontrackny.org/>.

Pou jwenn yon Pwogram toupre w, vizite <http://ontrackny.org/Contact>.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418